



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM POU PWOTEJE MOUN KI GEN RISK ELVE POU VIH

### *Nouvo pwogram asistans PrEP se dènye etap nan efò pou mete fen nan epidemi sa nan Eta New York nan fen 2020*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon nouvo pwogram ki pral elaji aksè a sèvis sipò enpòtan pou moun yo ki pran pre-ekspozisyon Pwofilaksi (PrEP). PrEP se yon metòd prevansyon VIH kote moun ki negatif VIH pran yon konprime chak jou pou redwi risk pou yo vin enfekte. Lansman nouvo pwogram asistans PrEP la se dènye etap nan direksyon angajman Gouvènè Cuomo pou mete fen nan epidemi VIH-SIDA nan Eta New York nan fen ane 2020.

“New York alatè lit kont SIDA e pwogram sa a pral asire ke moun yo ki gen risk ekspozisyon ki pi elve ka resevwa sipò yo bezwen pou yo rete ansante,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Elaji asistans PrEP se yon etap enpòtan nan direksyon pou eradike epidemi SIDA nan eta sa a.”

Pwogram asistans PrEP fè pati nan yon plan twa-pwen Gouvènè a pou mete fen nan epidemi SIDA-VIH nan eta New York. Plan an gen ladan:

1. Idantifye moun ki genyen VIH ki pa fè dyagnostik epi relye yo avèk swen sante;
2. Relye epi kenbe moun ki dyagnostike avèk VIH a swen sante epi fè yo jwenn terapi anti-VIH pou ogmante represyon VIH kidonk yo ka rete ansante epi prevni plis transmisyon; ak
3. Bay aksè a Pre-Ekspozisyon Pwofilaksi (PrEP) pou moun ki gen risk elve pou kenbe yo VIH negatif.

Pandanke PrEP kouvri anba pifò opsyon asirans prive ansanm avèk Medicaid ak pwogram asistans pasyan Gilead, tès ak lòt kontwòl ak sèvis sipò souvan pa kouvri. Toutfwava, nouvo pwogram asistans eta PrEP pral ranbouse founisè ki kalifye yo pou pake swen ak sèvis sipò ki nesèsè pou moun ki gen risk elve ki kalifye pou resevwa PrEP. Sa a enkli tès VIH regilye, konsèy aderans, tès STI/STD ak tretman, ak sèvis swen prensipal sipòtif pou asire ke moun sa

yo kontinyèlman ap adere a entèvansyon ak medikaman PrEP. Yo pral bay medikaman PrEP la a moun ki pa gen asirans oswa ki sou-asire grasa pwogram asistans fabrikan pasyan, e yon liy telefòn pral disponib pou ede patisipan yo avèk pwosesis sa a, jan sa nesesè.

Rejim PrEP la enkli pran yon konprime yon fwa pa jou pou prevni yon moun ki pa enfekte pou l pa vin enfekte avèk VIH. Esè klinik te montre ke lè yon moun ki pa enfekte pran medikaman toutan, chans pou l vin enfekte avèk VIH redwi konsiderableman. Yon doktè dwe preskri medikaman PrEP, Truvada, e moun yo ki enterese nan PrEP ta dwe pran medikaman sèlman sou siveyans yon founisè medikal ki kalifye.

Direktè Enstiti SIDA Eta New York Dan O'Connell te dekalre, "Pandanke medikaman PrEP pou moun ki pa gen asirans oswa ki sou-asire kouvri pa pwogram asistans fabrikan pasyan, sèvis siveyans ak swen pa kouvri. Pwogram sa a pral elimine baryè aksè a sèvis prevansyon VIH pwouve pou moun ki pa asire ki gen risk elve."

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te resevwa [plan final](#) pou mete fen nan epidemi VIH/SIDA nan Eta New York nan fen ane 2020. Manm Gwoup travay la te bay plan pou mete fen nan epidemi a, e li te gen ladan rekòmandasyon ki sipòte objektif Gouvènè a pou redwi chak ane kantite nouvo enfeksyon VIH a sèlman 750 (nan yon estimasyon 3,000) nan fen ane 2020 epi reyalize pou premye fwa diminisyon nan frekans VIH nan New York. Fen epidemi SIDA nan New York pral rive lè kantite total nouvo enfeksyon VIH te tonbe anba kantite ka lanmò ki gen rapò a maladi VIH. Objektif Gouvènè a mete Eta New York nan yon pozisyon lidèchip nan yon efò nasyonal ak mondyal pou mete fen nan epidemi VIH/SIDA.

Nan bidjè 2015-16 lan, Gouvènè Cuomo te enkli \$10 milyon pou sipòte fen epidemi an nan Eta New York. Finansman sa a se anplis de apeprè \$90 milyon ki deja nan bidjè a pou pwogram SIDA. Bidjè a te retire tou egzijans pou moun ki nan etablisman koreksyon yo bay konsantman alekri pou tès VIH, ankouraje popilasyon ki gen risk elve a itilize kapòt nan entèdi pwokirè yo pou pa itilize yo kòm prèv nan ka pwostitisyon yo, epi fè li legal pou posede sereng ke yo jwenn grasa pwogram aksè sereng.

FDA apwouve konbinezon terapi anti-retroviral pou adit ki aktif seksyèlman ki gen risk pou enfeksyon VIH apre plizyè etid te montre yon rediksyon enpòtan nan enfeksyon pa moun ki VIH negatif kap itilize PrEP.

Pou jwenn enfòmasyon osijè pou patisipe nan Pwogram Asistans PrEP, rele 1-800-542-2437. Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou PrEP, kontakte Depatman Sante Eta New York, Enstiti SIDA, Inisyativ Edikasyon Klinik nan 1-866-637-2342.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418